

Date : April 21, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0936

Tit Pwogram Nan : Danyèl 8:13-27

Nou gen jodia yon lòt okazyon pou nou rankontre nan etid biblik Atravè Labib. N'ap kontinye chemen nou nan liv Danyèl la pou nou wè Danyèl 8:13-27.

Annou priye Bondye.

Mèsi Bondye Papa pou jounen an, pou lavi Ou bannou. Pou posiblite nou genyen pou n' etidye Pawòl Ou nan kad pwogram Atravè Labib yo. Se toujou yon privilèj ekstrèm, gwo rejwisans ki blayi nan kè nou, pou moun kon nou ka goute nekta fòtifyan e delisye, diven e imerite Pawòl beni Ou a. Men tou eskpresyon enfini, imilite ki blayi nan kè nou, pou moun kon nou gaga e iletre, senp kreyati denatire ka resevwa yon tèl envitasyon. Nou bese lèzam Senyè, nou konplètman soumèt nou Devan W', pa kite anyen lòm parèt ke se Ou: sa ki bon an sa ki vre a ki ranpli nou e ranpli etid jodia a. Se nan Pawòl vivan e etènèl ki te tounen moun nan, Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W', amèn.

Ou byenvini nan etid Biblik Atravè Labib. Pasaj nou se Danyèl 8: 13-27.

Ann fè yon ti revizyon pou kòmanse nan Danyèl 8:8 :

Danyèl 8 :8 Bouk kabrit la konmanse grandi, li vin awogan anpil. Lè li fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase. Kat lòt gwo kòn pouse nan plas premye a, yo chak t'ap pwente nan direksyon kat gwo van yo.

" *Lè [bouk kabrit la] fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase.*" Kisa k' te kase kòn lan? Nou wè pa t' gen moun sou latè ki te ka kanpe devan firè bouk kabrit la. Listwa rapòte rive lè Alexandre rive sou pouvwa, lemonn antye te deja fin soumèt devan l'. Tradisyon rapòte Alexandre t'al chita nan yon kwen pou l' kriye paske pa t' okenn lòt wayòm ki rete pou l' te konkeri. Li te deja fin konkeri lemonn antye. Sepandan, nan mitan gran pwojè konkèt sa a, gen yon lafyèb cho ki te pran l' apre l' te fin pase tout yon nwit ap bwè tafya, e l' te mouri Baiblòn nan lanne 323 anvan jan Jezikri a laj tranndezan sèlman. "*Lè li fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase.*"

Danyèl remake: "... *gwo kòn li an kase. Kat lòt gwo kòn pouse nan plas premye a...*" Apre lanmò Alexandre Legrand anpi li a te divize an kat pati sou kont kat moun (sa ke yo te reprezante avèk pantè ki te gen kat tèt la nan chapit 7 la). Me non kat general yo ki te divize anpi Alexandre lan, se: Cassander, ki te marye ak sè Alexandre Legrand, li te pran zonn Ewòp la espesyalman Lagrès ak Masedwàn; Lysimachus ki te pran pati siperyè Azi Minè a, kote jodia nou rele Latiki a; Seleucus te pran Azi, sa vle tout zonn lès anpi a an wetan peyi Lejip; e Toleme te pase men pran peyi Lejip sou bò nò kontinan Afriken an.

Danyèl 8 :9 *Yon ti kòn pouse sou yonn nan kòn sa yo. Li grandi, li mache fè lagè ak moun peyi nan sid la, moun peyi bò solèy leve a ak moun peyi ki pi bèl pase tout lòt yo.*

" *Peyi ki pi bèl pase tout lòt yo*" a se Izrayèl.

Alò remake "ti kòn" sa a ki pouse isit la nan vèsè 9 chapit 8 la, se pa menm ti kòn ak chapit anvan an. Nan chapit 7 la se nan katriyèm wayòm nan ti kòn va leve, men isit la se nan twazyèm wayòm nan ti kòn sa a pouse. Ti kòn n'ap wè kounyea se yon ti kòn istorik tandiske ti kòn chapit 7 la se yon ti kòn fiti ke yo va

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

revele nou pi devan. Ti kòn sa a n'ap etidye nan chapit 8 la la a te soti an Siri nan liy fanmi Seleucid. Se Antyokis IV, yo rele tou Epifàn, pitit Anthiocus Legrand. Anpil fwa yo rele l' "Epifàn Makawon", se te yon lòt chèf manfouben.

Antyokis te monte sou pouvwa nan lanne 175 anvan Jezikri e l' te atake lavil Jerizalèm. Se kont li Makabe peyi Jida yo te pran lèzam la. Fonsyèman antisemis, Antyokis te eseye ekstèmine Jwif yo. Li fè mete yon imaj Jipitè nan Lye Sen tanp Jerizalèm nan. Sa se te premye "abominasyon dezolasyon" an. E l' te fè vide bouyon vyann kochon sou veso sen yo nan tanp lan.

Danyèl 8 :10 *Li grandi toujou, jouk li rive atake lame ki nan syèl la, zetwal yo menm. Li jete kèk ladan yo sou latè, li pilonnen yo anba pye l'.*

Onètman entèpretasyon vèsè sa a pa fasil. Dapre mwen yonn nan bon entèpretasyon yo se ta va Antyokis te defye Bondye e yo te penmèt li pran tanp lan ak lavil Jerizalèm. Batay sa a te touche monn envizib la kote zanj yo t'ap twoke kòn ak denmon yo. Kèk nan eksplwa yo di Antyokis te fè yo se bagay ekstraòdinè, e si sa yo di yo vre, sètènman se pisans satanik lan ki t'ap manifeste l'.

Danyèl 8 :11 *Li grandi, li menm rive atake chèf lame ki nan syèl la, li fè yo sispenn ofri bèt pou touye pou li. Li fè kraze Tanp yo te mete apa pou li a.*

Antyokis te yon sèvitè devwe Jipitè, li te menm panse li se te yon pèsonifikasyon fo dye sa a. Li te monte grad e rele tèt li *Theos Epiphanes*, sa vle "Bondye Manifeste."

Danyèl 8 :12 *Li fè sòlda lame li yo al moute kan yo kote yo te konn ofri bèt pou touye pou Bondye a. Ti kòn lan voye bon relijyon Bondye a jete atè, li te rive nan tou sa l'ap fè.*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

Se ak volonte pèmisiv Bondye ti kòn sa a te rive fè tout zafè sa yo e pwospere pandan yon ti tan.

Danyèl 8 :13 *Aprè sa, mwen tande yon zanj pale ak yon lòt zanj, li di li: -Kilè sa yo bay nan vizyon an va rive? Kilè y'a sispann fè gwo peche sa a nan plas ofrann bèt ki pou fèt chak jou a? Kilè y'a sispann pilonnen lame ki nan syèl la ak tanp Bondye a anba pye yo?*

Zanj Bondye sa yo se lòt èt entlijan an wetan lòm Bondye te kreye yo, sa nou ta rele kreyati sipènativèl yo. Ti kòn nan te pwofane tanp Bondye a e yo bay pwofanasyon sa a pote non " transgresyon dezolasyon."

Danyèl 8 :14 *Lòt zanj lan reponn: -Se pou nou tann mil sansenkant (1150) jou ankò pase avan yo rekonmanse ak ofrann bèt pou Bondye yo. Se lè sa a Bondye va rebati tanp li a ankò.*

Te toujou gen gwo dezakò sou entèpretasyon mil sansenkant lanne sa yo. Pa egzanp relijyon Advantis la te soti nan mouvman "dezyèm gran revèy avan an" kote yo te entèprete jou yo nan vèsè sa a kòm ane e detèmine retou Kris la pou lanne 1843. William Miller ak moun ki t'ap swiv li yo, pami yo Ellen G. White, te entèprete "tanp" lan kòm latè ke Senyè Jezi t'apral netwaye pandan retou Li a. Miller te yon pastè batis trè sensè men l' te fonsyèman twonpe. Entèpretasyon ane pou jou sa a te yon baz frajil e inapwopriye pou yon entèpretasyon pwofetik, e listwa te pwouve li pa t' vre, Senyè a pa t' tounen nan lanne 1843.

Sepandan, si nou entèprete mil sansenkant jou yo nan yon sans literal, sa vle di kòm yon jou vennkat è, li bannou yon peryòd 6 a 7 an konsa, sa ki mennen nou nan tan Antyokis la ki te konmanse

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

komèt atwosite li yo bò lanne 170 anvan Jezikri. Finalman prèt Jwif yo rele Jida Makabe a, ke yo te bay ti non gate "mato a", te kouri dèyè lame siryen an, e apres yo te netwaye tanp lan wete tout fatra, tout polisyon e redikase l' pou Senyè a. Jwif selebre netwayaj sa a ak Fèt Limyè yo ou ankò Fèt Dedikas la. Nou li nan Jan 10:22: "*Se te nan mitan sezon fredyè. Yo t'ap fete fèt Dedikas la nan lavil Jerizalèm.*" Vrè mo pou "dedikas" la nan vèsè sa a se "Re-dedikas Limyè a." Sa se yonn nan fèt yo te konn selebre nan tan Senyè Jezi yo e ke Jwif yo kontinye sonje. Ou pap jwenn yo mansyone fèt sa nan Ansyen Testaman an ditou paske se nan peryòd entè-Testamantè a, entèval ant Ansyen ak Nouvo Testaman an li te pran nesans.

SIYIFIKASYON VIZYON AN

Danyèl 8 :15, 16 *Mwen t'ap chache konprann sa vizyon an te vle di, lè mwen rete konsa mwen wè yon fòm ki te sanble ak yon moun kanpe devan m'.*

Mwen tande yon vwa moun ki soti lòt bò larivyè Oulayi a ki t'ap di: -Gabriyèl! Esplike nonm sa a vizyon an non!

Vizyon an t'ap fè tèt Danyèl travay e l' te anvi konnen sa tout bagay sa yo vle di. Epi konsa zanj Gabriyèl parèt devan l'. E sa se premye fwa yo mansyone zanj Gabriyèl nan Bib la.

Danyèl 8 :17 *Gabriyèl pwoche bò kote m' te ye a. Mwen te sitelman pè mwen tonbe fas atè. Li di m' konsa: -Nonm o! Konprann byen: Vizyon an fè ou konnen ki jan sa pral fini sou latè.*

Zanj Gabriyèl nan esplikasyon l' pral bay Danyèl la, esplike byen klè Antyokis Epifàn pa lòt pase yon vèsyon an minyati Antikris ki gen pou vini an.

Zanj lan di Danyèl: " *Vizyon an fè ou konnen ki jan sa pral fini sou latè.*" Remake zanj lan di "*jan sa pral fini sou latè*" paske Bib la anfèt pa janm pale sou finisman tan an. Li pale sou tan lafen yo ou ankò jan sa pral fini sou latè men non pa finisman tan an. "Jan sa pral fini sou latè" endike epòk lè pwofesi y'ap bay la yo va totalman akonpli ki se epòk Senyè Jezi rele peryòd Grann Tribilisasyon an. Moun y'ap dekri la a se Antikris la, yo rele tou nonm peche a e ti kòn nan, tankou nou te wè sa nan chapit 7 la. Pwofesi y'ap bay la yo vole sou tèt fiti imedya pou al ateri nan fiti lwenten yo, e kòm prèv jouk kounyea, menm pa rapò a tan nou yo sa yo se evenman ki gen pou rive pi devan nan tan k'ap vini yo. Antyokis se yon senp ti reprezantasyon an minyati lòt "ti kòn" ki gen pou vini nan finisman tan moun lòt nasyon yo, yon reyalite yo klarifye ase byen pou nou avèk itilizasyon tout tèm eskatolojik sa yo.

Danyèl 8 :18 *Pandan li t'ap pale konsa, mwen pèdi konesans, mwen tonbe fas atè. Men, li ban m' men, li fè m' kanpe sou pye m' ankò.*

Ou ka wè efè fizik vizyon sa a te gen sou Danyèl. Li te pèdi konesans e tonbe fas atè.

Danyèl 8 :19 *Epi li di: -M'ap fè ou wè sa k'ap rive lè kòlè Bondye a va fin pase. Wi, lè pou tout bagay fini an pral rive.*

Yon fwa ankò zanj Gabriyèl va soti nan akoplisman lokal atravè Antyokis yo pou pase nan finisman tan moun lòt nasyon yo.

Danyèl 8 :20 *Belye mouton ou te wè ak de gwo kòn nan tèt li a, se de wa k'ap gouvènen de peyi, peyi Medi ak peyi Pès.*

Yo bannou esplikasyon an byen klè isit la, donk nou pa bezwen espekile ou devine. Belye moutan an definitivman reprezante wa peyi Medi ak peyi Pès yo.

Danyèl 8 :21 *Bouk kabrit la menm se wa peyi Lagrès la. Gwo kòn ou te wè nan mitan je l' yo se te premye wa a.*

Yo di tou Bouk kabris la se wa peyi Lagrès la, e gwo kòn nan se te premye wa a, ki vle di Alexandre Legrand.

Danyèl 8 :22 *Kat kòn ou wè ki te pouse apre premye kòn lan te kase a, sa vle di gen kat moun ki pral separe peyi a. Yo chak pral gouvènen bò pa yo. Men, peyi a p'ap janm gen menm fòs la ankò.*

Ki vle di okenn nan kat ti wayòm li anfante yo pap janm ka rive egale anpi Alexandre Legrand an.

Danyèl 8 :23 *Lè ti wa sa yo va rive nan bout yo, lè y'a fin fè kont peche yo, gen yon wa k'ap parèt, l'ap san respè pou Bondye, l'ap woule tout moun.*

Wa sa a ki va parèt la se Antyokis Epifàn, ki te soti nan liye fanmi Selesid, fanmi ki te anvayi e pran peyi Siri a. Sèl fason nou ka esplike vèsè sa a e fè istorik yo yo rapòte nou sou nonm sa a sèke msye te gen kèk lwa ki t'ap danse nan tèt li. Nan sans sa a nou ka di Antyokis se yon imaj Antikris ki gen pou vini an. Se sou li Senyè Jezi t'ap pale lè L' te di nan Matye 24:24: "*Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab.*"

Danyèl 8 :24 *L'ap grandi, l'ap vin fò. Men se pa fòs pa l' menm k'ap sou li. L'ap fè anpil dega. L'a reyisi nan tou sa l'ap fè.*

L'a kraze anpil gwo chèf ansanm ak anpil moun nan pèp Bondye a.

"Moun nan pèp Bondye a" ke yo idantifye tou kòm moun "pèp sen an " ap fè referans sou nasyon Izrayèl la. Fason Antyokis te masakre pèp Bondye a te sanble yon bagay enkwayab. Msye te osi mal ke Hitler an Alamay. Sepandan msye poko prèt pou l' ta kanpe devan Antikris ki gen pou vini an. Msye se yon ti jwèt devan Antikris ki va vini nan peryòd Grann Tribilasyon an, Revelasyon 13:7 pale sou Antikris dènye tan yo pou di: "*Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon.*"

Danyèl 8 :25 *L'ap rize anpil. L'a reyisi chak fwa l'ap twonpe moun. L'ap fè lwanj tèt li. San bay avètisman, l'ap detwi anpil moun ki t'ap viv ak kè poze. L'ap atake ata pi gwo chèf la, chèf tout chèf yo. Men li menm, rive yon lè l'ap disparèt, san se pa ankenn moun ki fè l' anyen.*

Antyokis pa t' plis pase lonbray wa rize e mechan sa a ki gen pou vini an. "Ti kòn" dènye tan yo va fè kat bagay espisifik. Remake Antyokis te fè kat bagay sa yo tou men nan yon fason trè pal e trè fèb konpare ak ti kòn ki gen pou vini an.

1. "*L'a reyisi chak fwa l'ap twonpe moun.*" Yo di nou nan Revelasyon 13:17 pèsonn p'ap ka ni achte ni vann anyen san l' pa gen mak bèt la sou li. Donk ti kòn nan va kontwole ekonomi an nan yon lide vanjans.
2. "*L'ap fè lwanj tèt li.*" Yo di nou nan Revelasyon 13:5 di nou "*Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle pandan karannde mwa.*" Mo imilite a pa antre ditou nan

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

vokabilè Antikris la. Li tankou papa l', Satan ki ranpli ak lògèy.

3. *"San bay avètisman, l'ap detwi anpil moun ki t'ap viv ak kè poze."* Lè w'ap gade Antikris la ou ta di se yon ti mouton. Men rize pase l' nan pwen, mechan pase l' nan pwen. O fon, se yon lou fewòs, yon lyon mechan, yon chen aranje. Se li nou jwenn ki moute sou chwal blan an nan Revelasyon chapit 6. Men se konsa chwal wouj lagè a t'ap swiv li pye pou pye, paske se sèlman an aparans li te pou lapè.
4. *"L'ap atake ata pi gwo chèf la, chèf tout chèf yo."* Ou wè sa! "Ti kòn" va menm fè radiyès opoze e atake Senyè Jezi. Yonn nan karakteristik Antirkis la e premye bèt nou jwenn nan Revelasyon chapit 13 la sèke yo kont Kris.

Danyèl 8 :26 *Vizyon ou te fè pou maten ak aswè yo gen pou rive vre jan yo te esplike ou li a. Men, pa di anyen sou sa, paske l'ap pran yon bon ti tan anvan li rive vre.*

Zanj li di Danyèl byen klè sa se bagay jodia, li di *" l'ap pran yon bon ti tan anvan li rive vre."* Pou rive a pa gen dout l'ap rive, l'a rive egzakteman jan Bondye di l'ap rive a men sa va pran yon bon ti tan.

Danyèl 8 :27 *Lè sa a, mwen santi mwen t'ap faya. Mwen pase kèk jou malad. Apre sa, mwen leve, m' al fè travay wa a te ban m' fè a. Men, vizyon an t'ap boulvèse lespri m' toujou, m' pa t' ka konprann li.*

Vizyon an te gen yon efè fizik e sikolojik devastatè sou Danyèl. Danyèl te demanbre, li di: *"mwen santi mwen t'ap faya. Mwen pase kèk jou malad."* Rive nan pwen sa a, Bondye te kòmanse ap mankònen "tan moun lòt nasyon yo" ak istwa nasyon Izrayèl la.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Se aspè sa a ki te plis yon mistè pou Danyèl e sa rete yon mistè pou anpil moun jodia tou. Kòman Bondye fè antremele pwogram Li gen pou Izrayèl la ak pwogram Li gen pou rès monn lan? E jodia pou rann bagay la ankò pi konplike, ankò pi enteresan Bondye ajoute pwogram Li gen pou legliz Jezikri a nan ekwasyon an tou. Men repons lan anfèt rete ase senp. Jodia Bondye ap rele yon gwoup moun pote non L', nou rele gwoup moun aple sa yo Legliz. Lè pwogram sa va rive nan bout li, e ke yo retire legliz la nan monn nan nan moman anlèyman an, Bondye kounyea va kontinye ak pwojè Li genyen pou Izrayèl ak moun lòt nasyon yo.

Zanmi se pa tankou kèk moun vle fè kwè pou di Bondye mouri, oswa L' fin fè latè e kite l' pou kont li, tankou si Bondye lwen twò lwen latè pou L' ta mele nan fonksyòman l'. Non. Bondye pa lwen Li pre. Li mele nan tout zafè monn lan. E L' pi pre w' pase sa w' ta panse. Non sèlman L' mele nan tout bagay, Bondye tou gen kontwòl tout bagay. L'ap dirije tout bagay e tou sa w' wè k'ap fèt ap fèt nan sèl objektif pou akonpli plan Bondye yo. Bondye gen yon bon plan pou ou, pa pito w' asepte l'! Bondye gen yon plan pou legliz la, yon plan pou Izrayèl yon plan pou monn nan. Bondye gen plan mete Moun Li chwazi a, Ti Mouton yo te sakrifye men ki vivan an chita ap reye sou twòn nan pou toutan gen tan. Se vre, lemonn pa vle sa, Satan ak kanmarad li yo ap fè L' rezistans men vle pa vle se Bondye ki toujou gen rezon: Ti mouton san defo a va chita sou twòn nan! Alelouya ke non W' kapab glorifye pou toutan gen tan!

Nou rive kounyea nan fen etid la pou jounen an, se te yon gran plezi pou nou te ansanm e n'ap kite w' nan louwanj ak adorasyon nan prezans Bondye kreyatè a!